# Халықлар дослығы күни мүнәсибети менен бир топар белсендилерди сыйлықлаў ҳаққында

**Өзбекстан Республикасы Президентиниң**

**пәрманы**

Мәмлекетимизде миллетлераралық дослық ҳәм татыўлықты, түрли миллет ҳәм халық ўәкиллери арасында өз-ара аўызбиршилик, кеңпейиллик, мийрим-шәпәәт орталығын беккемлеў, миллий мәдениятлар, үрп-әдет ҳәм дәтүрлерди сақлаў және раўажландырыўға қосқан мүнәсип үлеси, сырт еллер менен еки тәреплеме пайдалы қатнасықлар ҳәм мәдений-ағартыўшылық байланысларды және де кеңейтиў, Жаңа Өзбекстанның тынышлық сүйер ҳәм халықшыл сиясатын халықаралық көлемде кеңнен үгит-нәсиятлаў бағдарындағы үлкен хызметлери, жас әўладты ўатансүйиўшилик ҳәм улыўма инсаныйлық қәдириятларға ҳүрмет руўхында тәрбиялаў жолындағы ибратлы жумыслары және жәмийетлик турмысқа белсене қатнасқаны ушын төмендегилер сыйлықлансын:

**Қарақалпақстан Республикасы бойынша:**

**«Дўстлик» ордени менен**

**Адилбаев Жаңабай** - Қараөзек районындағы «Қуралпа» аўыл пуқаралар жыйынының баслығы

**Өзбекстан Республикасы**

**Президенти** **Ш.МИРЗИЁЕВ**

Ташкент қаласы,

2022-жыл 29-июль